

THE FREEDOM POST

A Monthly Publication of Freedom shores
Elementary School
3400 Hypoluxo Road, FL 33436 (561) 804-3100



APRIL 2024

A note from Mr. Sabatino,



Dear Parents/Guardians:

Wow! Vakans Prentan an te vini, li ale! Nou espere tout moun te gen yon bon tan repo ak yon vakans enteresan. Mwa Mas la sete yon mwa ki te eksitan paske nou te genyen anpil evèman ki te rive. Nou te genyen seremoni rekonesans kote elèv nou te resevwa Onè pou travay di ak pèsèverans yo. Nou te genyen Dejene alfabetizasyon pou elèv 5èm yo kote ekip la li liv nan lang Anglè ak Panyòl epi yo te pataje estrateji valab poun kapab li ak timoun yo lakay. Egalman, nan mwa Mas la nou te konplete tout tès ACCESS pou timoun nou yo ki pale yon lòt lang. Nou te fini mwa ak pwogram jounen jaden nou an.

Elèv nou yo te rive idantifye pa Pwofesè nou yo pou tout sa yo te akonpli pandan dezyèm semès la. Nou te wè yo rekonèt timoun yo paske yo te ogmante nòt yo nan omwens yon matyè. Poutan yo pat desann nan okenn matyè, epi gen nan yo ki resevwa prim Onè Roll pou touche tout konpetans oswa mak egzànplè sou kanè yo. Nou te genyen anpil nan elèv nou yo ki te genyen pi gwo Onè Prinsipal Roll la ki vle di mak Egzanplè nan kanè yo. Genyen lòt akonplisman ki te mansyone nan seremoni nou yo. Se te yon gwo tounan epi li te fantastik kote anpil paran te fyè.

Nap di mèsi ak tout paran elèv 5èm ane yo ki te vini patisipe nan dejene alfabetizasyon an. Fanmi sa yo te kontan manje yon ti manje lejè pandan yo tap koute yon istwa. Ekip 5èm ane yo te prezante yon liv nan de lang Anglè ak Panyòl pandan yo tap modle teknik lèkti ki kapab bon pou itilize lakay lè wap li ak pitit ou. Tout paran ki te la yo te ale ak yon liv lakay yo. Nou apresye tout sipò ou te bay pou evènman sa te ka rive. Nou te fèl pou benefis tout paran yo epi pèmèt ou kapab asiste pitit ou a pou l ogmante pèfòmans akademik li.

Vrèman, mwa Mas la te make avèk jounen rekreyativ nou an. Se te 2èm jou rekreyativ pou ane a. Epi li te yon jounen amizan ak siksè pou timoun yo. Li te genyen ladanl sistèm kay nou yo nan jounen rekreyativ la epi se te yon okazyon pou timoun yo te genyen pwèn anplis ki te ka pèmèt yo vini yon gayan. Timoun yo te patisipe nan aktivite ki te varye, se te yon konpetisyon ki te ka fè yo genyen anpil pwèn posib pou kay yo a. Li te yon gwo bagay pou wè jan timoun yo te kontan lè yo tap amize yo!! Felisitasyon a Nukumori ki te akimile anpil pwèn pandan jounen jaden an. Nou te rekonèt Nukumori paske l te vini nan 2èm semès la gayan ki te genyen plis pwèn lè yo te jwen koulè wouj violèt dekorasyon an epi ak tigoute pandan jounen an. Tout lòt kay yo tap eseye pou yo te ratrape Nukumori paske l te pral gayan sou tout kay yo nan total pwèn pou ane a. Ras sa a te fèmen men nenpòt kay kapab genyen tit la.

Pandan nap avanse nan ane lekòl la, nou vrèman apresye tout asistans ak sipò. Tanpri sonje sa lekòl la li kòmanse a 8:00 nan maten. Tanpri fè sèten pitit ou a rive anvan lè yap kòmanse a epi sa ap pèmèt li pa pèdi okenn enstriksyon akademik. Egalman, lè wap depoze oubyen vin chache pitit ou lekòl fèl desann nan bò ki fèt pou pasaje yo, konsa lap nan andwa ki pa gen okenn danje pou li. Tanpri konsidere vwazen nou yo, epi pa pake machin nou nan pwoprite yo. Liy machin nou an pa pran anpil tan, epi li ka kenbe timoun nou yo an sekirite. Nou vle rekonesan anvè Pwofesè nou yo ki travay trè di pou pèmèt timoun yo aprann epi grandi akademikman.

Mèsi pou sipò kontini ou!

After School Program



*Enskripsyon an ap kontinye..... Frè enskripsyon an se \$25 dola pou chak timoun.
2023-2024 Afterschool, Enskripsyon an, ap kounye a li disponib Online. <https://palmbeachcountyschools.reg.eleyo.com/pick> 2023-2024 ane lekòl la epi pa bliye pou chwazi Freedom Shores Elementary.*

Anrejistreman pou Ane 25 lan ap kòmanse 17 Avril la nan 7 pm.

Ekolaj:

Ekolaj Avril ak tout frè ki anrepò yo dwe peye 15 Avril pou evite yon frè anreta ak posib revokasyon nan Pwogram nan.

Anrejistreman pou can d'Ete ap fèt rapidman.

\$75 pou frè anrejistreman pou chak elèv.

\$200 chak semèn pou chak elèv

Klike sou lyen an pou ka anrejistre. Sirew ke ou chwazi Freedom Shores Elementary.

<https://palmbeachcountyschools.reg.eleyo.com/>

Kwen Imè

Poukisa tout moun te bouke nan premye

Avril:

Paske yo te jis fini 31 jou nan mwa Mas!

Ki mons ki renmen blag moun fou?

Pranken-Stein!

Kisa w rele yon lous kenbe nan lapli Avril?

Yon Lous Drizzly

Kijan yon flè fè yon bisiklèt ale?

Avek pedal li!

Kijan pye bwa yo ale sou entènèt?

Yo konekte!



*Email Cheri Rosen at cheri.rosen@palmbeachschools.org
Sizw gen nenpòt kesyon, kòmantè, oubyen preokipasyon.*



Counselor's Corner



Mrs. Heitz
diana.heitz@palmbeachschools.org

Mrs. Briceno
vanessa.serrano-briceno@palmbeachschools.org

Hello Parents and Guardians!

Depatman gidans lan kontan anpil poul rive nan mwa Avril la. Prentan an la, epi nou genyen anpil wout poun ankouraje elèv nou yo pou yo rete pozitiv epi prepare yo pou sak kap vini! Tès FAST nou an ap kontinye nan mwa sa a. Elèv yo ap aprann plizyè egzèsis relaksasyon nan gidans nan klas la pou ede yo chase estrès ak anksyete yo kapab eksperimente. Plizyè egzèsis relaksasyon nou anseye elèv yo se: Profon Respirasyon, Pwofon relaksasyon misk (muscle), senp meditasyon, and imaj vizyèl. Nou kapab kontonye sipòte elèv nou yo lè nap anseye yo konpetans etidye, konpetans pou prepare tès, ak ladrès pou siviv pou enkyetid tès la. Kòm konseye lekòl yo, nou ta renmen ankouraje "soaring eagles" epi sipòte pandan tan yap pran tès la. Ansanm nap bay "soaring eagles" teknik pou ede yo avèk anksyete oubyen estrès, e nou ankouraje yo tou pou vini lekòl chak jou epi alè. Espesyalman kounye a, pwofesè yo ap prepare elèv yo pou yo kapab gen konesans epi mete yo prè pou FAST tès la, epi prè pou pwochen nivo klas la. Nou kapab bay yo yon leson ki tou kout sou kesyon vini lekòl, nan fason sa a elèv yo ka sonje kòman li enpòtan pou yo vini lekòl. Chak jou se yon jou ki rampli ak aprantisaj epi preparasyon. Avèk èd ou, nou kapab ede pitit ou a poul santil konfyans epi fè siksè pandan tan sa.



**Your School Counselors,
Mrs. Heitz and Mrs. Briceno**



Aplikasyon louvri pou 2023 Depatman Sèvis Jèn Konsèy. Konsèy pou Jèn ak Fanmi Sante Mantal. Kan Jounen Fanmi

Depatman Sèvis Jèn nan Palm Beach Country - Pwogran Konsèy Jèn ak Fanmi ap aksepte aplikasyon paran pou Sante Mantal nan Kan Jounen Fanmi an jiska 12 Avril 2024 la.

Kan Jounen Fanmi Sante Mantal la ap ofri yon jounen rapli nan atelye terapetik epi aktivite deyò pou fanmi yo avèk timoun ki nan laj 5 pou rive 17 lane nan 18 Me 2024 la pou sòti 9:00 am pou rive 4:00 pm nan lokal sa a: Okeehcee Nature Center, ki nan adrès sa a: 7715 Forest Hill Blvd, West Palm Beach, FL, 33513.

Sijè kap debat nan evènman sa a lap gen ladan swen pèsònèl, kontwol emosyonèl, kominikasyon, ak konpetans sosyal, pami lòt sijè amizan pou fanmi! Terapis klinik yo pral fè atelye terapik yo. Yo pral bay patisipan ki anrejistre yo manje midi ak ti goute.



Pou anrejistre tanpri ale nan lyen sa a:

<https://survey.pbcgov.com/s3/Mental-Health-Family-Day-Camp-Information-Request>.

Pou plis enfòmasyon voye yon imèl: YSD-Yfc-4pts@pbcgov.org or call 561-242-5714.

Pou plis enfòmasyon sou kanpay 'Get Your Green On' ak lòt evènman ki gen rapò, tanpri ale nan lyen sa a <http://getyourgreenon.org/>.



Konsyans sou zafè andikap ak dileksya:
 Ou kapab jwenn resous yo nan lyen sa
 a: <https://fndusa.org/> or
<https://www.undertood.org/en>



The Parent As Liaison (Pal)

Paran Kòm Lyezon (Pal) se Ms. Mary Black, ou kapab jwenn li nan: mary.black.c@palmbeachschools.org pou asistans lèw ap navige pandan ESE pwosesis la. Pou plis enfòmasyon sou Pal yo epi Inivèsite paran yo, ou ka jwenn li nan lyen sa a: <https://www.fdlrsalpha.org/parent-services>.




Child Find

"Child Find" ap ofwi enfòmasyon ak tès depistaj gratis pou timoun 3-5 an ki gen difikilte pou yo aprann, pale, jwe, wè, mache, epi/oubyen tande. Pou kòmanse pwosesis la, silvouplè rele ekip "Child Find" la nan nimewo telefòn sa a (561) 434-7337.



Pou Paran ESE 2023-2024 fenèt sondaj la louvri!
 Sondaj la louvri pou tout paran ki gen timoun nan IEP ki resevwa sèvis ESE sòti nan Kinder pou rive nan 12èm ane. Sondaj la ap louvri jiska 30 Jen 2024.

Pou elèv kap patisipe nan Ane lekòl prolonje a (ESY) yo te bay lè yo: 8:30 am - 2:30 pm; (Lendi pou rive Jedi). Lendi 10 Jen - Jedi 18 Jiyè 2024! Elèv kapab patisipe sèlman si yo retounen anrejistreman an bay Dr. Vereen. Mèsi davans.



CONTACT:
 Dr. Sharrié Vereen, ESE Coordinator
sharrie.vereen-thomas@palmbeachschools.org
 561-804-3110





PTO & VOLUNTEER

Gracias a todos los que se han registrado como voluntarios y ya han completado sus 10 horas de voluntariado (aún podéis hacer más, ¡nos encanta la ayuda!) Siempre necesitamos más voluntarios, vea los pasos para apuntarse más abajo:

- Escanee su documento de identidad a través del sistema Raptor/VIPS.
- Complete una aplicación de voluntario en el sistema de seguimiento de VIPS Count.
- Complete la Orientación y Entrenamiento para Voluntarios del Distrito (El Coordinador de Voluntarios proveerá el entrenamiento)

RECORDATORIO- Usted NO puede ser voluntario en la clase de su propio hijo. Además, se REQUIEREN 10 horas de voluntariado antes de ser chaperón en una excursión o ayudar con el día de campo.

Debe completar la orientación para voluntarios antes de trabajar como voluntario en cualquier escuela del distrito.

UPCOMING EVENTS

17 de Abri - Reunión PTO/SAC a las 7am

18 de April - Kona Ice

18 de Abril - Desayuno de Voluntarios a las 8:15am



BACK TO
School

SCAN FOR HELPFUL PARENT LINKS

S.O.A.R



Will be updated as information comes out



Dual Language & Esol



Kontinye montre tout travay di wap fè nan examen pou mwa sa a. Sonje ke estrateji ou la se menm ni nan lang Anglè ak Panyòl, pran swen de oumenm lèw pase yon bon lannwit ak lèw pran yon ti repo pandan jounen an, epi manje sa ki bon pou santew, sa a se bagay ki pi enpòtan. **KWÈ NAN OUMENM!!** Ou kapab fèsa :)

Pa bliye pou kontinye li epi fè Istasyon nan lang Panyòl!!!

Felisitasyon pou Rodrigyes Almondes, Jose Henrique nan 5èm ane paske oy se gayan Kontèks Istasyon nan mwa Mas la pou yo plis grandi!! Te gen anpil elèv pre nan kous la. Byen ale elèv!! Mwen paka tann pou wè ki moun ki pran devan an Avril!

Rankont PLC / Inivèsite Paran - Nou kapab genyen 2èm rankont paran nou an Mèkredi 24 Avril nan 6:00 pm, nan kafeteria ki rele "Resources for U". Madam Morrin ak Madam Dankwardt ki se pwofesè doub lang yo ap kapab pèfòme. Tanpri nap tann ou. Nap gade devan pou wèw la.

Kindergarten:

Hello Manm Fanmi yo! Jadendanfan yo te travay di mwa sa a pou yo te ka yon bon elèv ak zanmi. Nou remèsyew pou elèv nou yo ak sipòw tou. Nan Lèkti, elèv yo kontinye travay sou bati relasyon lèt-son ak ladrès konsyans fonemik atravè angajman nan leson ti group ki gen sans ak aktivite endepandan. Elèv yo ka kontinye aprann kòman pou monitore tout aspè nan lèkti pou yo ka angaje yo epi konprann tèks yo an nantye. Elèv yo ka kontinye li mo previzib dekòde lè yap itilize relasyon lèt-son. Yo kapab kontinye li pasaj dekòde yo. Nan Matematik, elèv yo kapab kontinye travay sou ladrès sans nimewo (kontini / ekri kantite, konpoze / dekonpoze). Egalman, nou pral eksplòre inite sou fòm 2D ak 3D. Nan fen mwa Avril la, Jadendanfan nou yo ap gen pou yo pran tès final Eta a nan lèkti ak matematik. Elèv yo kapab amize yo nan dejene ki bon pou sante anvan lekòl kòmanse epi yo dwe rive lekòl alè 8:00 am. Li egalman konseye pou yo genyen yon bon nwit somèy. Tès Eta sa a pral montre kwasans akademik yo ak metriz estanda eta nou an. Sa a pral tan pou yo klere epi montre konbyen yo te aprann.



First Grade:

Jwaye Prentan Fanmi elèv iè ane yo! Nou espere ou wè kòman pitit ou a ap melyore epi grandi byen vit nan ane sa a! Yo travay trè di nan tout nivo akademik. Nou vrèman fyè pou tout efò elèv yo mete deyò! Tanpri mande yo kisa yo te aprann nan klas la chak jou, ankouraje yo pou yo li chak swa lakay epi konplete tout devwa nou bay yo pou yo fè. Nan lèkti, nou konsantre nou sou pase, prezan ak fiti. Lakay, diskite poukisa pase enpòtan. Nan ekriti, nou te kreye "kijan pou yo" (Pa egzanzp, kòman pran swen yon chyen, kòman ou kapab fè yon sandwich, kòmanw kapab bwose chevw, etc...). Lè yo lakay, pale yo kòman yo kapab fè kèk bagay etap pa etap pou ede yo avèk nan ekriti yo nan klas la (langaj oral). Nan Matematik, nou pral idntifye ak analize fòm 2D ak 3D. Nou pral kòmanse konpran kòman poun fè oubyen idantifye mwatye epi katriyèm. Lè yo lakay, nome ak idantifye diferan fòm ou wè andedan lakay ou. Nan Syans, nou kapab aprann nan sa ki gen awè ak resous natirèl sou latè. Lè yo lakay, nome epi jwenn resous natirèl (teren (tè, wòch, mine), dlo, lè, plant, epi animal). Nan etid sosyal, nou kapab gade kòman moun ak anpil bagay chanje tout tan. Lakay, diskite epi reflechi sou pase, prezan ak fiti. Mèsi pou tout sipò ou.

Second Grade:

Hello Fanmiy zèm ane!! Li trè di poun kwè sa nou rive nan dènye mwa yo pou ane lekòl la! Eksitasyon an li nan lè a lè nou kontinye genyen yon bèl ane lekòl nan aprantisaj. Mwa sa a sou rete konsantre sou kòman nou dwe prè pou dènye tès STAR yo. 23 Avril nap genyen poun pran tès ELA, epi 25 Avril se va Matematik tès la. Jounen karè a se 3 Avril epi nou kontan poun aprann atravè diferan manb kominote a epi kòman yo kapab ede nou. Tanpri sonje ke Mèkredi 10 Avril se yon jou ferye. Kontinye tyeke katab kominikasyon pitit ou a chak jou, epi sonje ke lekòl kòmanse chak jou a 8:00 am!



Third Grade:

Jwaye Prentan, fanmi elèv 3èm ane yo! Nou espere tout moun te genyen yon bon tan pandan repo Prentan an. Nan mwa sa a, nan matematik, elèv yo ap kontinye aprann konsènan tan, mezi metrik kostimye, epi Miltip pi Gran Nonb yo. Nan ELA, nou kapab kontinye Inite 7 la "Kominote yo e kounye a" epi kòmanse inite 8 la "Move Tan ak Klima" pita nan mwa a. Avèk F.A.S.T. PM3 rapidman ap apwoche pou premye Me (ELA) epi 9 Me (Math), tanpri fè sèten pitit ou a konplete tout devwa li genyen epi ou tyeke katab la chak swa. Sa yo se konpetans enpòtan yo pral evalye sou PM3.

Fourth Grade:

Bonjou ankò Fabuleux Paran ak Gadyen Klas 4èm ane yo!! Nan mwa Avril kap vini an nap genyen pi BON tè ekriti nou nan Madi 2 Avril la, Jou karyè a se Mèkredi 3 Avril kap kòmanse nan 8:00 am pou rive 10:00 am, rapò pwogrè yo ap disponib nan Portal la Vandredi 12 Avril, Lèkti iReading Diagnostics Madi 16 Avril, epi Mèkredi 17 Avril, Kona Ice Cream Jedi 18 Avril, Jedi 25 Avril se va jou travay pou pitit ou a (Meyè Jou!!) epi se sa pou mwa Avril la!!! Fen ane a ap pwoche avèk pi gwo revizyon epi tè yo ap vini, tanpri kontinye mennen pitit ou a lekòl chak jou, fèl konplete devwa lakay yo, kominike ak pwofesè pitit ou a pou asire w ke pitit ou ap travay poul fè siksè!



Fifth Grade:

Nou konplètman prepare pou evalyasyon State yo pou mwa sa a ak lot mwa kap vini an. Tanpri fè sèten ke chak nwit anvan tè la pitit ou a byen dòmi nan sware a epi nan maten li manje yon dejene ki bon pou sante. Chak nan sal klas nou yo te revize tout ladrès ki nesèsè nonsèlman pou evalyasyon Eta yo men tou pou asire nou prepare pou lekòl presegondè. Mwa sa a nou gen 5 "Guys Family Night" vandredi 5 Avril. Espere wè nou tout la ap jwi yon dine ki va bèl. Dezyèm pèman pou Island of Venture pral rive byento, yon lèt ap vini lakay ou ak pitit ou a.

School Info



23 Avril 2024 -Tès Eta nan Lèkti

25 Avril 2024 - Tès Eta a nan Matematik.

Sonje dat sa a, 30 Me Gradyasyon Jadendanfan nan 8:30 am..


SEE SOMETHING. SAY SOMETHING.
DO SOMETHING.



FORTIFYFL

- INSTANTLY ALERT LAW ENFORCEMENT ABOUT SUSPICIOUS ACTIVITY & THREATS
- INCLUDE PHOTOS AND VIDEOS EASILY
- REMAIN ANONYMOUS

Download the app today!



ADVERTISE IN OUR NEWSLETTER! If you have a business and would like to advertise in our newsletter or have a banner on campus, Call or Email Audra at (561) 804-3114 audra.spurlin@palmbeachschools.org

A HUGE THANK YOU


TO:



WHO ADOPTED MS. HOWARD'S AND
MS. ALLEGRO'S CLASSES!!!!

A HUGE THANK YOU

TO:



WHO ADOPTED MS. BERGERON'S
CLASS!!!!

Thank you for being a GREAT



Business Partner!!!!

Thank you for being a GREAT




Business Partner!!!!

Thank you for being a GREAT



Business Partner!!!!

Thank you for being a GREAT



Business Partner!!!!

<https://www.hotworx.net/blog/its-all-about-the-results-for-fitness-customers>



Autism Awareness
&
Acceptance Month

APRIL 2024

School Library
Month



Sunday	Monday	Tuesday	Wednesday	Thursday	Friday	Saturday
National Assistant Principals Week! Thank you Ms. Rogers	1 Come decked out in your house colors	2 4th & 5th BEST Writing Test Cap & Gown PK/ Kindergarten Pictures	3 Paraprofessional Appreciation Day Career Day	4	5 Dollar, No collar	6
7	8 Come decked out in your house colors 8:30am - Kindergarten Round up 6:00 pm- Kindergarten Round up	9	10 Spring Holiday- School Closed	11	12 Dollar, No collar	13
14	15 Come decked out in your house colors 5th grade Iready reading diagnostic	16 4th grade Iready reading diagnostic	17 7am- PTO/SAC Meeting	18 8:15 am Volunteer Breakfast Kona Ice during recess	19 Dollar, No collar	20
21 National Volunteer & Afterschool Professional Week. We appreciate Ms. Cheri, Ms. O'Brien & Team!	22 Come decked out in your house colors *Earth Day* 5th grade Iready math diagnostic	23 K-2 ELA Star Test	24 Administrative Professionals Day 6- ESOL Parent Night	25 Take Our Daughters and Sons to Work Day! *Absences will be excused*	26 Dollar, No collar K-2 Math Star Test	27
28	29 Come decked out in your house colors	30				